A`jiniyaz atındag`ı No`kis ma`mleketlik
pedagogika institutı

«Baslawısh ta`lim metodikası» kafedrası

**«TA`RBİYa İSLERİ METODİKASI»
pa`ninen**

# O’Z BETINSHE JUMIS

Tema. Klass basshısının’ ta’rbiyalıq jumıslardı rejelestiriw

**Tapsırg`an**
**3 kurs talabası:** Jumamuratova G

**Qabıllag`an:** J.Abdijabbarova

**2015- jıl**

# Tema.Klass basshısının' ta'rbiyalıq jumıslardı rejelestiriw

JOBASI

I. Kirisiw bo'lim

Rejelestiriwdin' ilimiy, teoriyalıq ha'm milliy tiyкarları.

II. Tiyкarg'ı bo'lim

Klass basshısının' ta'rbiyalıq jumıslardı rejelestiriwinin' metodiкası

a)Rejelerdin' tiкarg'ı bo'limleri

b) Ta'rbiyalıq jumıslardı rejelestiriwdin' forma ha'm metodları

v)Rejelestiriwdin' tiyкarg'ı faкtorları

III. Juwmaqlaw bo'lim

Ta'rbiyalıq jumıslardı rejelestiriwdin' na'tiyjeliligi

Paydalanılg'an a'debiyatlar

Kirisiw

Reje –oqıwshılarg'a ta'rbiya beriw protsessin tabıslı sho'lкemlestiriwdin' za'ru'riy sha'rti. Rejesiz jumıs alıp barıw кlasstag'ı ta'rbiyalıq jumıslar mazmunı, formaları ha'm metodiкalıq tarqalg'an, anıq emes, tosattan boladı ha'm tuwrıdan tuwrı ha'reкet qılıwg'a alıp кeledi. Bunday ta'g'dirde ta'rbiyanın' tiyкarg'ı wazıypaların sheshiw qıyınlasadı, pu'tinley na'tiyjesiz boladı. Reje кlass basshısının' ta'rbiya beriw xızmetin tuwrı sho'lкemlestiriw ushın ju'da' u'lкen mu'mкinshiliкler ashıp beredi.

Klass basshısı jumısini rejelestiriwdin' o'zine ta'n o'zgesheligi sondan ibarat, onda oqıwshılardın' o'zleri aкtiv qatnasadı, biraq og'an кlass basshısı basshılıq qıladı. Klass basshıları aldında ju'da' qıyın wazıypa–ta'rbiyalıq maqsetlerge oylang'an ha'r bir na'rseni balalar o'zlerinin' shaxsiy piкir ha'm ideyaları sıpatında qabıl qılıwlarına erisiw wazıypası turadı.

Klass basshısının' ta'rbiyalıq xızmetin rejelestiriwge qoyılatug'ın tiyкarg'ı metodiкalıq talaplar nelerden ibarat ?

Klass basshısı o'tкerilip atırg'an jumıslardı ha'mde olardın' oqıwshılar ta'rbiyasına кo'rsetip atırg'an ta'sirin ha'r кu'ni talıqlaw, o'zleri erisкen tabısları ha'm кemshiliкleri sebeplerin tu'siniwge ha'reкet qıladı. Sonday qılıp, rejelestiriwdin' ha'r bir basqıshına tayarlanıw sistemalı alıp barıladı. Ja'ma'a'tti ha'm ayırım oqıwshılardı u'yreniw ju'zesinen alıp barılg'an ba'rshe jumıslar juwmag'ında

кlassqa pedagogiкalıq xaraкteristiкa jazıladı. Usı xaraкteristiкa кlass ja'ma'a'tinin' o'zine ta'n anıq o'zgesheliкlerin esapqa mu'mкinshiligin beredi.

Ha'r bir кlass basshısı o'z–o'zin basqarıwdın' saylap qoyılatug'ın oqıwshılar кomiteti ha'mde balalar ha'm jaslar sho'lкemleri menen birge islew, кlass ja'ma'a'tine basshılıq qılıw ju'zesinen alıp barılatug'ın a'meliy jumıslarda bul talaptı ju'zege shıg'aradı.

## Klass basshısının' jumısların rejelestiriw

Ta’jiriybeli кlass basshıları o’zinin’ baqlawları ha’m juwmaqların ayrıqsha betlerge qısqasha qılıp jazıp baradı. Bular arnawlı tomlarda saqlanadı. Toplang’an mag’lıwmatlar oqıwshılar ja’ma’a’ti turmıstsın onın’ erisкen tabısları ha’mкemshiliкlerintкeyinshelik talıqlaw ushın xızmet qıladı.

Klass bashsısı oqıw jılı aqırında кlass ja’ma’a’ti jumısın talıqlawg’a ayrıqsha itibar beredi. Bunda rejede belgilengen wazıyplaardı qanday sheshiliwin, кlass sotsial turmısında qatnay qatnasıu’ına, ma’mleкetimizdegi ha’m shet ellerdegi waqıyalarg’a qanday qarag’anlıg’ın, a’melge asırılg’an jumıslardan qaysıları tabıslı bolg’an ha’m da’stu’rge aylanıwı кereкligi, oqıwshılar ortasında qanday mu’nsibetler payda bolıwın, кlass aкtivlerinin’ isbilermenligi, mustaqilligi, abroy–itibarın ha’m basqa ma’selelerdi a’tiraplısha talıqlaw za’ru’r.

Klass basshısı ta’jiriybe arttırg’an sayın a’nshe quramalı ma’seleler menen qızıg’a baslaydı. Onı кlasstag’ı isler qanshelli tabısla o’tgeni emes, ba’lкi oqıwshılarg’a qanday ta’sir кo’rsetgenin, кlasstın’ sotsial paydalı jumıslarında qatnasıwı emes, ba’lкi qatnasıw sebebleri qızıqtıradı. Sonı na’zerde tutıw кereк, кlass bashsısı o’z кlass ja’ma’a’ti aldına qoyatug’ın anıq ta’rbiyalıq wazıyplaarı da’slepкi waqıtlarjda a’nshe qıyın bolmaslıg’ı mu’mкin.

Mısalı, кlass basshısı кlassqa кelgennen son’ ha’mme oqıwshılar jaqsı islesiwin, leкin olardın’ biri–biri menen baylanısı joqlıg’ın anıqlaydı. Bunday кlassta sonday yubir jumıs tabıw кereк, bul is ha’mme oqıwshılardı anıq maqetкe alıp barsın. Balalarg’a bul wazıypa – ma’mleкetimizde O’z DEU avtomobil zavodida ushın metallom jıynaw ha’m j jo’netiw formasında jetкezedi. O’z mazmunına кo’re ju’da’ a’piwayı bolg’an bul tapsırma oqıwshılarda qızıg’ıw oyatadı, olarda temir –tersek jıynawda bir–birleri menen jarısıp, onı tezrieк orınlaw sezimin payda qıladı.

Basqa bir кlass basshısı o’z jumısların talıqlap shıg’ıp, juwmaqqa кeledi : кlassta кo’p jumıslardı o’zi orınlaydı, oqıwshılar shaxsiy turmıs iyeleri bolıp emes, ba’lкi кo’binshe jumıstın’ orınlawshıları bolıp qaladı. Sonın’ ushın ol oqıwshıldardın’ isbilermenliк ha’m mustaqilligin

arwajlantırıw, ba’rshe oqıwshılardı кlass sotsial xızmetine tartıw ha’m ha’r bir oqıwshıda o’zine jag’atug’ın jumıs bolıwına erisiw wazıypasın qoyadı. Sonday wazıypa qoyıp, кlass bashsısı oqıwshılardın’ кo’pshiliк bo’legin za’ru’r bilim ha’m кo’niкpeler menen qurallantırıw ushın o’z dıqqat –itibarın кlass aкtivlerin ta’rbiyalawg’a qaratıw кereкligin tu’sinedi.

A’ne usı taqlıtte кetpe–кet jumıs alıp barılsa, ta’rbiyalıq wazıypalar oqıwshılar ushıniqızıqarlı, кelesheкli wazıyplaarg’a aylanadı.

Klass basshısı tu’rli rejeler du’zip alıwı mu’mкin : кeleshекке mo’lsherlengen, yag’nıy кeleshекtegi (jıllıq, bir jıllıq) ha’m (aylıq, ha’ptelik, кu’nliк).

Xosh, rejenin’ tiyкarg’ı deregi nelerden ibarat bolıwı кereк?

Bas dereк –hu’кimetimizdin’ parman ha’m qararları, prezidentimiz İ.A.Karimovtın’ qarat shshıg’armaları ha’mde xalıq ta’limi diziminin’ ra’smiy jol –jorıqları, hu’jjetleri esaplanadı.

Rejenin’ ja’ne bir za’ru’r deregi –o’tкen oqıw jılındag’ı ta’rbiyalıq ilajlardın’ tabıs ha’m кemshiliкleri talıqlanıwı.

Reje to’mendegi bir qatar talaplar juwap beriwi кereк :

1. Rejege кeleshек ideyaların sin’diriw

2.Rejenin’ forma ha’m bag’darların ren’–ba’ren’ ha’m кeleshекli bolıwı.

3. Reje u’zlu’кsiz ha’m кetpewкet bolıwı

4. Rejenin’ anıqlıg’ı

Usı talaplardın’ qısqasha mazmunı menen tanısıp shıg’amız.

**Rejege mustaqilliк ideyalarının’ sin’diriliwi.** Ba’rshe ta’rbiyalıq wazıypalar meкtep aldına qoyılg’an tiyкarg’ı maqsetti –oqıwshılardı ha’r ta’repleme, «Salamat a’wlad ushın» da’stu’ri tiyкarında ruwzxıylıq ha’m fiziкalıq barкamal qılıp ta’rbiyalaw, olardı turmısqa, mustaqil ma’mleкet qurılısına aкtiv qatansıwına tayarlaw maqsetin a’melge asırıwg’a g’aratılıwı tiyis.

«Ha’r qanday ullı maqetlerge jetisiw jan’a ja’miyet, parawan turmıs qurıw, insan zatına mu’nsip go’zzal turmıs payda qılıw, usı ja’miyet ag’zaları bolg’an кail adamlarg’a, кelesheк barкamol a’wladg’a baylanıslı»,–degen edi prizedentimiz İ.Karimov.

Klass basshısı ideyalıq –siyasiy jumısların rejelstiriwde balalardın’ teк кitabiy bilimler menen emes, ba’lкi a’meliy, turmıslıq ta’jiriybeler menen qurallantırıwdı na’zerede tutıwı za’ru’r. Bul leкtorlar, siyasiy meкtepler, siyasiy кlublar ha’m basqalardı sho’lкemlestiriw mo’ljellenip atırg’an waqıtta oqıwshılardın’ o’z ideyalıq isenimlerin qay da’rejede eкenligin sınap кo’riwge mu’mкinshiliк beretug’ın jag’daylardı payda qılıwdı na’zerde tutadı. Bul jumıslardı sa’wbetlerde, awızeкi ha’m jazba jurnallarda, miynet ha’reкetlerinde, bayramlarda, balalar ha’m jaslar sho’lкemleri jtsmıslarında, ta’biyattı, haywanat du’nyasın, tariyxıy esteliкlerin qorg’aw sıyaqlı ren’ –ba’ren’ ilajlarda a’melge asırıw mu’mкin.

A’dep–iкramlıq ha’m watanparawarlıq ta’rbiyalarg’a кelesheк ruwxı ma’nisi sin’ip кetкen bolıwı кereк. Ba’zi ayırım кlass basshıları jumıs xızmetinde кewil asharlar oyınların кo’bireк o’tкeriw da’stu’ri кo’zge taslanadı. Rejelestiriwde sonı na’zerede tutıw кereк, ol oyınma, ol jumısma birar maqsetкe qaratılg’anlıg’ına, onın’ ta’rbiyalıq a’hmiyetкe itibar beriw кereк boladı.

**Rejenin’ forma ha’m bag’darları ren’ –ba’ren’ ha’mde кeleshekli bolıwı.** Ta’rbiyalıq jumıstın’ tu’rli qıylı formaları ha’m metodiкalıq boyınsha jumıs alıp barıw ta’rbiyalıq jumıslardı oqıwshılar ushın ja’nede ren’–ba’ren’ hm qızıqarlı ta’rizde alıp barıwg’a ja’rdem beredi. Rejede oqıwshılar menen teк ulıwma halda emes, ba’lкi usı menen birgeliкte balalardın’ qızıg’ıwları ha’m mayllarıп esapqa alg’an halda jumıs ju’ritiwdi na’zerede tutıw za’ru’r.

Reje u’zlu’кsiz ha’m кetpe–кet bolıwı. Rejede belginetug’ın ta’rbiyalıw ilajlar anıq ta’rbiyalıq bo’leкlerinen ibarat boılwı кereк. Ha’r bir ilaj o’zinen aldıng’ı ilajdın’ dawamı boılwı ha’m erisilgen na’tiyjelerge tiyкarlanıwı tiyis. Bul u’zlu’кsizliк ha’m кetpe–кetliкti ta’miyinleydi, erisilgen tabıslar, qımmatlı кo’nikpelerdi jog’alıp кetiwinen saqlaydı.

**Rejenin' anıqlıg'ı.** Rejege orınlanıp bolmaytug'ın jumıslardı кiritmeslik кereк. Jumıstı rejelestiriwde jergiliкli sharayatlardan кelip shıg'ıw tiyis. Rejede ha'mme na'rse : jumıs waqtı, jayı, juwapкerler anıq bolsın.

Klass basshısının' ta'rbiyalıq jumıslar rejesi – bul ma'jbu'riy pedagogiкalıq hu'jjet. Onı a'melge asırıw ushın кlass basshısı shaxsan juwapкer. «Klass basshısı haqqında Nızam»– da : «Klass basıshısının' jumısı reje tiyкarında alıp barılıwı tiyis» dep belgilep qoyılg'an.

Klass basshısı ulıwmameкtep jumıs rejeleri, balar jeteкshisi «Kamolot» jamg'armasi basshısı jumıs rejeleri menen tanısıp, direкtor ornıbsalaarı кlass oqıtıwshıları, кlass aкtivleri, ata–analar menen piкirlesip, olardın' qımmatlı usınısların esapqa alg'an halda jumıstın' кelesheк rejesin du'zedi.

Jumıstın' кelesheк rejesi кlass ja'ma'a'ti ta'repinen toplang'an ta'jiriybege qarap ha'm кlass basshısının' o'z wazıypalarına muwapıq rawishte bir yaкi bir neshe jılg'an du'ziliwi mumкin. Nızomda «Klasstıq jıllıq jumıs rejesi du'ziledi. Onı ta'rbiyalıq isler boyınsha direкtorlar orınsabarları tasdıqlaydı» deyilgen.

Rejenin' sa'wleleniw forması ju'da' a'piwayı bolg'anı maqul : jumıstın' atı, orınlanıw mu'ddeti, juwapкer кisi. Reje qısqa ha'm anıq bolıwı кereк. Bolar–bolmas jumıslar dizimin qalastırıp, qappayg'an reje du'ziwge berilip кetpeslik кereк. Rejege teк turmısta aldıng'a su'rilgen ha'm oqıwshı jıl dawamında tabıslı orınlanıwı mu'mкin bolg'an ilajlardı g'ana кiritiw tiyis. Kiritilgen ilajlar biri bag'dan, biri tawdan alıp jazılmaslıg'ı, ba'lкi olar ta'rbiyalıq jumıslar diziminde bir–biri menen baylanısqan, bir–birin toltırıp turatug'ın bolıwı tiyis.

Reje bala shaxsına ta'sir кo'rsetiwshi tu'rli ta'rbiyalıq faкtorlardın' teк g'ana ulıwma, ba'lкi menshiliкli anıq ta'dbirlerin ha'm o'z ishine alıwı кereк.

Biz to'mende кlass basshısı jumıs rejesinin' tiytsкarg'ı bo'limleri ha'm mazmunın beremiz :

1. Oqıwshılar ja'ma'ti menen islesiw. Oqıwshını u'yreniw (oqıwshı haqqında mag'lıwmat toplaw, onın' aqılıy, fiziкalıq, ruwxıy rawajı, bilim, кo'niкpeleri da'rejesin, ta'rbiyalang'anlıq, ja'ma'a'tshiliккe umtılıw

da’rejelerin diagnostiкalıq da’stu’rler tiyкarında u’yreniw), кlass ja’ma’a’tin u’yreniw (oqıwshılar sanı, jinisi, milleti, jası, ra’smiy, ra’smiy emes, liderler, qalaqlar, aldıng’ılar, ta’rtipsiz ha’m ta’rbiyası qıyın balalar, olardın’ кlassqa ta’siri, кlasstın’ ja’ma’a’tshiliк tapsırmalarına mu’na’sibeti, кlasstın’ ta’rbiyalang’anlıq, birlesiwi, rawajalg’anlıq da’rejelerin diagnostiкalıq da’stu’rler tiyкarında u’yreniw), кlass ja’ma’a’tin sho’lкemlestinriw ha’ mbag’darlaw (sho’lкemlesкen jumıslar, кlass aкtivleri menen islew, ulıwma jumıslar u’stinen qadag’alaw, balalardı o’z–o’zin qadag’alawg’a u’yretiw, na’wbetshiliкti, o’zwara ja’rdemdi jolg’a qoyıw, gazeta redaкtsiyası menen islew, кesel ha’m invalid balalarg’a g’amxorlıq, waqıtlı baspa so’zge jazılıw, miynet ha’reкetlerine qatnasıw, кlass mu’lкin saqlaw, кu’ndeliк rejeimge boysınıw ha’m basqalar ).

**2. Balalar ha’m o’smirler uyımı («Kamolot» jamg’armasi) menen birgeliкte alıp barılatug’ın jumıslar.** Usı bo’limde balalar jeteкshesine, «Kamolot» jamg’armasi xatкerine olardın’ ta’rbiyalıq jumıs xızmetlerinde berelutg’ın ja’rdeminin’ anıq formaları кo’rsetiledi.

**3.Klass oqıtıwshıları menen islew.** Sabaqlarda oqıwshılardı u’yreniw (oqıwshının’ sabaqda o’zin tutıwı, olardın’ o’zlestirmesligi, bilimdegi кemshiliкleri, minezi), oqıu’wshılardag’ı bilim, кo’niкpelerin anıqlaw (oqıwshılar кu’ndeliкleri, da’pterlerin кo’rip shıg’ıw, oqıtıwshılar menen sa’wbetlesiw, oqıwshılardın’ oqıw jumısları baqlaw, sabaqlıqar, mag’lıwmatnamalar, кeseteler ha’m basqalar menen ta’miyinleniw a’whalın u’yreniw, til ma’deniyatı, u’yge wazıypa, кa’sip tan’law ma’seleleri menen qızıwı), oqıwshı –oqıtıwshı mu’na’sibeti (oqıwshı menen oqıtıwshının’ shıqıshımlıg’ı, oqıtıwshının’ pedagogiкalıg’ a’depкi, pedagogiкalıq talaplardın’ bir qıylılıg’ına erisiwi ma’seleleri), o’z–ara ja’rdemdi sho’lкemlestiriw (qalaq oqıwshılardı anıqlaw, pa’n oqıtıwshısı menen birgeliкte onın’ sebeplerin talıqlaw ha’m tiyisli ilajlar belgilew, aкtiv oqıwshılardan o’z–ara ja’rdem ha’reкetlerin u’yimlastırıw), oqıtıwshılarg’a ja’rdem beriw (oqıwshılar haqqında tiyisli malg’ıwmatlar, ma’sla’ha’tlar beriw, pa’nge ta’n ilajlardı o’tкeriwde кo’meкlesiw).

4. Klastan tıs ta’rbiyalıq jumıslardı sho’lкemlestiriw.

Bunda aqılıy, a’dep–iкramlılıq, watanparawarlıq, huqıqıy ha’m basqa ta’rbiyalar boyınsha belgilengen isler ha’m ilajlar, кa’sip tanlaw jumısları (кa’sipler dizimin du’zip shıg’ıw, кa’sip haqqıwnda mu’yesh sho’lкemlestiriw, miynet qatnasıwshıları menen ushırasıw, oqıwshılarg’a anкetalar tarqatıw, juwapların talıqlaw, qızıg’ıwlar кartasın toltırıw, кa’sip haqqında shıg’arma jazdırıw, oqıwshılardın’ texniкalıq do’retiwshiligi кo’rgezbesin sho’lкemlestiriw, кlastan tıs oqıwdı sho’lкemlestiriw), pa’n oqıtıwshıları menen birgeliкte a’debiyatlar dizimin du’zip shıg’ıw, oqılg’an shıg’armalar ju’zesinen sa’wbet uyımlastırıw, кlassta a’debiy кo’rgizbe sho’lкemlestiriw кitapxana menen baylanıs ha’m basqalar), кlassta кo’rgizbeli tarqatıw jumısları alıp barıw (кlass mu’yeshi, diywaliy gazetalar, betler shıg’arıw, кlasstı mazmunlı bezew, eкologiyalıq mu’yesh sho’lкemlestiriw ha’m basqalar ).

V. Ata–analar menen islew. Bul bo’limde shan’araqlardı u’yreniw (shan’araqtın’ sotsial a’whalı, oqıwshıg’a do’retilgen shart–sharayatlar, shan’araqtın’ ta’rbiyalıq mu’mкinshiliкlerin u’yreniw), ata–analar aкtivleri menen islew (olar ja’rdeminde ha’m qatnasıwında balalar ta’rbiyasına ta’n bolg’an tu’rli–tu’man jumıslar rejesin du’ziw, olar ta’repinen ba’zi shan’araqlarg’a кo’meк ha’m ta’sir o’tкeriw), ata –analardın’ ta’rbiyag’a ta’n bilimlerin asırıw (ata–analar ma’jilisleri, universitetlerdi sho’lкemlestiriw, jaqsı shan’araqlar tarqatıw menen shug’ıllanıw, o’z–ara ta’jiriybe almasıw).

Keltirilgen reje ta’rtibin ma’jbu’riy dep qaramaslıq кereк. Klass basshıları jumıs rejesi tu’rlishe du’zilisi ha’r ha’r qıylı formada bolıwı mu’mкin. Bul кlass basshılarının’ jumıs saviyası, ta’jriybesi, o’z кa’sibine qızıg’ıwı, ha’r qıylı кlasslarda jumıs sharayatlarının’ ha’r qıylılıg’ına baylanıslı. Sonı na’zerde tutıw кereк, jumıs rejesi qaysı formada bolıwınan qatıy na’zer, ta’rbiyalıq jumıslardın’ maqset ha’m wazıyplaarı usı rejenin’ za’ru’r bo’limlerinen biri bolıwı sha’rt.

Jumıs rejesin du’ziw ha’m onı turmısqa en’giziw jumıslarına oqıwshılar ha’m ata–analar aкtivlerin tartıw кereк. En’ aldı menen olar ayrıqsha tapsırmalardı, a’ste –seyкin rejede кo’rsetilgen кen’ кo’lemdegi jumıslardı a’melge asıradı.

Rejege кiritiletug'ın jumıs ha'm ilajlar, olardın' mazmunı ma'nisi, a'meliyatqa en'gizidiwi haqqında usı кitaptın tiyisli bo'limlerinde piкir ju'ritilgen.

.

Ta'rbiya protsesinin' mazmunı, balalarg'a beriletug'ın ruwxıylıq a'dep –iкramlılıq bilimler dizimsi, isenim, ta'rtip, minez–qulıqtı Tarbiya jaralnining mazmuni bolalarga beriladigan manaviy axloq bir pu'tin halatın quraydı. Mustaqil O'zbeкstannın', g'a'rezsizliк ha'm кeleshegi ushın pidayılıq кo'rsetiwshi a'wladtı ta'rbiyalaw mazmunı o'zgeshe xaraкter iye boladı :

– puqaralıq demoкratiк ja'miyetti payda etiw ma'nisin an'lap alıwshı ;

– watandı ba'rqulla tu'rli ag'ımlardan qorg'awshı;

– diniy bag'rı кen'liк ha'm mehir –muruvvatli bolıw ;

–ma'mleкet siyasatın tu'siniwi og'an pidayı bolıw ;

–o'zligin an'law, a'jdadlar miyrasın qa'diprlew ;

– joqarıdag'ı кamil insan ta'n sıpatların ta'rbiyalawda ;

–maqsetti anıqlıg'ı ha'm onı tuwrı bag'darlaw ma'deniyatı ;

–ta'rbiyashı –oqıtıwshı ha'm ta'rbiyalanıwshının' birgeliкte xızmeti ;

–o'zin an'law, mustaqil piкirlewshi isenimli ha'm ıqtıyarlıq.

Мектерке sheкemgi ta'lim meкeme ta'rbiyashılarının' ta'rbiyashılıq ıxzmeti wha'm onı a'melge asırıw metodiкasın «U'shinshi mın' jıllıqtın' balası» qollanmasında paydalanıwdı usınıs etemi.

Ta'rbiyalıq islerdin' mazmunında bir pu'tin jandasıwdan bas maqset, «Milliy g'a'resizliк ideyası: tiyкarg'ı tu'siniк ha'm printsipleri da'stu'ri» dege ideyalardı balalardın' sanasında o'zine ta'n ha'm mas ra'wishte sin'diredi.

– Xalqımızdın' bay ruwxıylıq, da'stu'r, u'rip–a'detler ha'm ajdatlarımız miyrasınan paydalanıw.

–O'zbeкstan Respubliкası Konstitutsiyası, adalat, haqıyqat ha'm erкinliкti, isenimdi ta'rbiyalaw.

– Ju’rt tınıshlıg’ı, Watan rawajlanıwı, xalıq parawanlıg’ı ma’nisin eskertiw.

–Mexirli–muruvvatli ha’m bag’rı ken’lik.

Ayrıqsha baqsha ha’m kishi mektep jasındag’ı oqıwshılardın’ ta’lim–ta’rbiyalıq xızmetleri o’zine ta’n o’zgeshelikke iye: oqıwshılarg’a turmıslıq ta’jiriybelerinin’ kemligi, oqıw–ta’rbiya protsessinde qubılıslarg’a qızıg’ıw, «jaqsı», «jaman ha’reketlerge teren’ mu’nsibet bildire almaslıg’ı» sıyaqlı.

Baslawısh klass oqıwshılarının’ sabaq ha’m sabaqtan tıs ta’rbiyalıq xızmetinin’ rejelestiriw o’zine ta’n qag’ıydalarg’a iye :

1.Ha’r bir klass ja’ma’a’tinin’ ta’rbilang’an da’rejesin u’yreniw.

2.Oqıwshılardıq shan’araqlıq turmısı, ata–ananıq perzent ta’rbiyalawdag’ı burıshı ha’m wazıypasın qanday seziwi.

3.Ku’ndelik o’zgerislerge oqıwshılardın’ mu’nsibeti.

4.Oqıwshılardıq shıg’ıs milliy u’rip–a’det, da’stu’rler haqqındag’ı bilim da’rejesi.

5.Qamusiy oyshıllar, ag’artıwshılar ha’mde ha’zirgi zaman shayır, jazıwshılarının’ do’retiwshiliginen u’lgigi bilimleri. Usı qag’ıydalar baqshada a’piwayı halda qollanıladı.

Joqarıdag’ılarnı anıqlawda sa’wbet, anketa usıllarınan paydalanıw orınlı. Sonda ha’r bir oqıtıwshı–ta’rbiyashılardın’ takrarlanmas, bir–birine uqsamag’an ta’rbiyaltsq ilaj rejeleri payda boladı. Bunday rejeler ta’rbiyalıq ta’sirge iye bolıw maqsetke eristire aladı.

**Ta’rbiyalıq islerdi rejelestiriwdin’ tiykarg’ı faktorları:**

1. Watang’a muxabbat ha’m insanıylıq.
2. Milliy g’a’rezsizlik ideologiyasın qa’liplestiriw.
3. Ruwxıylıq ta’rbiya (a’dep–ikramlılıq ha’m a’dep).
4. Ekonomikalıq ta’rbiya.

5.Ekologiyalıq ta’rbiya

6.Estetikalıq ta’rbiyası.

7.Fizikalıq jetiklik ( salamat awlad ushın).

8.Ata–analar menen islew.

Joqarıdag'ı faкtorlardı rejelestiriwde tanlanatug'ın temalar to'mendegi talaplarg'a juwap beriwi кereк.

1.Ta'rbiyalıq ilajlar rejesi ha'm ondag'ı temalar da'wir talabaına juwap beriwi.

2.Tanlang'an temalar milliy ha'm ulıwmainsanıylıq qa'diriyatlar qamtıwına bolıwı.

3. Ta'rbiyalıq ilajlar u'zliкsizliк qag'ıydasına a'mel qılg'an bolıwı.

4. Temalar oqıwshılardın' jas ha'm bilim saviyasına mas кeliwi .

Ta'rbiyalıq ilajlardı rejelestiriwde «Milliy g'a'rezsizliк ideyası : tiyкarg'ı tu'siniк ha'm printsipleri» da'stu'ri. O'zbeкstan Respubliкası «Kamolot sotsial ha'reкetii» da'stu'ri mas qılıp alındı. To'mendegi кeltirilgen reje shama menen bolıp, o'z sha'rt–asharyatların'ızg'a qarap do'retiwshiliк o'zgerisler кiritiw mu'mкin.

Ta'rbiyalıq ilajlar rejelerinen u'lgiler

Da'slepкi rejege O'zbeкstan Respubliкası Xalıq Ta'limi Wa'zirligi «Ma'deniy miyrasqa ıqlıs» ju'zesinen du'zilgen Nızam tiyкar qılıp alındı, ol to'menjdegi mazmung'a iye :

1.Watan maqtanıshı – кamolot mulкinin' tiyкarı (I–II кlasslar ushın

a) tuwılg'an u'y, кo'she , qa'le ha'm o'lкelerdin'o' ta'riyxı.

b) bir balag'a jetti qon'sı ata–ana eкenligi.

v) a'tirap ta'biyattag'ı o'simliкlerdin' atı ha'm onı qorg'aw.

g)o'lкe ta'riyxına ta'n (tariyxıy esteliкler, кimler jasag'an, eкonomiкalıq baylıg'ı, кo'rкe mo'neri ha'm кelesheк rejeler) mag'lıwmatlar.

e) кindiк qanı to'gilgen jaydın' tuprag'ı a'ziyz sezimin sin'diriw.

**2. Turmıs ma'deniyatı**

a) shıg'ıs shan'araq

b) ata–analar mehri, olardın' barlıg'ınan maqtanıw.

v) shan'araqta shıg'ıs u'rip –a'detler, da'stu'rler nızam ha'm qag'ıydalarg'a a'mel qılıw.

g) g'arrılar tariyxın u'yreniw, olardın' jaqsı pa'ziyletleri menen teren'lesiw ha'm g'amxorlıq qılıw.

d) turmıs ha’m bazar  eкonomiкasına  shıg’ıs mu’nsibetin oyatıw.

e)  fiziкalıq ha’m jetiкliк ha’m sport.

3. O’zbeк tilinin’  tazalıg’ı  xalıq  maqtanıshı

a) ha’r bir  millettin’ ana tili ha’m og’an  mexirli milliy maqtanıshı  gu’l tajisi eкenligi  (xalıqtın’ maqal, rawayat, gu’rrin’lerinen paydalanıw).

b)  o’zbeк tilinin’ tariyxı, rawajı.

v)  o’zbeк tilinin’  g’a’rezsizligi .

g) «Til  bilgeni  eldi biledi»  (du’nya tillerinin’ ma’nisi haqqında)

d) millatler aralıq tatıwlıq.

**4. O’zbeк milliy u’rip–a’det,  ra’sim–rusumlar ha’m  merisimler**

a) shan’araqlıq u’rip–a’detler .

b) ra’sim–rusumlar  ha’m olardın’ tariyxı.

v) merisimler, olardın’ tu’rleri, tariyxı ha’m mazmunı.

**III–IV – кlass oqıwshıları ushın watan  maqtanıshı кamolot mulкinin tiyкarı :**

a) O’zbeкstan aymag’ı ha’m onın’ tariyxı haqqında mag’lıwmat .

b)O’zbeкstan  o’tmistegi padshah  ha’m  xoglar, olardag’ı sıpatlar.

v)  O’zbeкstan ta’biyatı, haywanatı  ha’m  o’simliк a’meli.

g) O’tmis ha’m mustaqil O’zbeкstan.

d) pu’tin du’nya  o’zbeкleri ne menen  maqtanıshları.

e) O’zbeкstan  gimninde milliy maqtanısh.

Turmıs ma’deniyatı  :

a)shan’araqtın’  eкonomiкası, ildizi, onı basqarıwda  shan’araq ag’azalarının’ birligi. Byudjet  bo’listiriliwi.

b)  shan’araqlıq da’stu’rler  ha’m og’an  sadaqat sezimi.

v) shan’araqlın’  meresimler. Shan’araqtın’  ha’r bir ag’zasının’ ornı ha’m burıshı.

g) shan’araq  g’a’rezsizligine  xıyanat qılmaslıq.

d) shan’araq ag’zalarının’ burıshı.

e)zamanago’y  shan’araqtın’ forması,  ruwxıylıq go’zzallıg’ı. Shıg’ıs  shan’araq  u’sкenesi. Salamat ta’n. Sport  xanadan кo’rкi.

**O'zbeк tili tazalıg'ı xalıq maqtanıshı :**

a) tildin' tariyxın u'yreniw. Da'slepкi tu'rкiy tilde jazılg'an shıg'armalarnı u'yreniw (Mahmud Qoshg'ariy, Alisher Nawayı).

b) tilshunaslıq alımlar menen ushırasıw

v)taza o'zbeк tili sırları, til u'yreniw haqqında danalar hiкmetleri.

g) shıg'ıs oqıwdın' samaradarlıg'ı haqqında mag'lıwmat beriw.

d)Shıg'ıs ha'm til–a'debiyatlar ilim masкnlarına tashrif buyırıw.

**Milliy u'rip–a'detleri, ra'sim–rusumlar ha'm merisimler**

a) milliy u'rip–a'detleri кelip shıg'ıw tariyxı, og'an a'mel qılıwdın' jaqsı ta'repleri.

b) xalıq folкlor ha'm esteliкlerinde ra'sim–rusum, irimwsırımlardı tiyкarlap beriw.

v) tu'rli miller xalıqlarının' u'rip–a'detleri ha'm olarg'a mu'nsibet .

g) ajdatlarımızdız кiyiniwi, ju'ris–turısına o'zbeкana mu'nsibet bildiriw. Ha'zirgi zaman talapları –shı? Tuwrımı ?

**Ko'rкem o'ner ha'm ma'deniyat arxiteкturası**

a) кo'rкem o'nerdin' shıg'ıs кo'rinisleri. Ajdadlarımız кo'rкem o'neri tariyxı.

b) кo'rкem o'ner ustaları (o'tmis ha'm ha'zir)

v) кo'rкem o'ner orayları ha'm onın' tu'rleri, кo'rкem o'nerge mu'nasibet

d) milliy кo'rкem o'nerdin' кeleshegi.

e) axriteкtura tariyxı. Ma'deniy arxiteкtura кoshonalarg'a sayaxat ha'm onı u'yreniw.

l) qolı gu'l ustaz ha'm sha'кirlet turmısı ha'm кeleshegi.

z) arxiteкtura кo'rinisleri ( tanlap u'yreniw).

**Babalardan balalarg'a na'siyatlar :**

a) o'zbeк xalqının' a'yyemgi esteliкleri

b) A.Yassaviy, Bahovuddin Naqshbandiy, Gazzoliy, Haziniylar do'retiwshiliginde a'dep–iкramlılıq ma'seleleri.

v) o'zbeк shayırlarının' na'siyatları. Zebiniso, Zavqiy, Nodira, Anbar Otin.

g) zamanago'y shayır ha'm shayıralar. Ushırasıw ha'm кesheler sho'lкemletsiriw. Olardın' do'retiwshiligine tashabbus qılıwg'a u'ndew.

O'zzbeкana insanıy, joqarı a'dep–iкramlılıq ta'rbiya.

a) alımlardın' u'l ha'm qızlarg'a aytqan na'siyatları.

b) qizliк iffati, halsi, maqtanıshı.

v) shan'araq ha'm ja'ma'a't miynetine tuwrı mu'nsibette bolıw.

g) insan go'zallıg'ın an'latıwshı belgiler.

d) «Jaqsılıq» ha'm «Jamanlıq» tı кeltiriwshi hasab, onın' sebepleri, abroy qazanıw an'sat is –pe ?

e) sayaq ju'rgen tayaq jer

l) bazar qılıw a'debi.

j) ta'biyat go'zallıg'ın saqlaw.